

Pran Pwofilaksis Avan Ekspozisyon (Pre-Exposure Prophylaxis, PrEP) sou Demann

Mizajou pou COVID-19

Tout Nouyòkè yo dwe rete lakay yo epi redui kontak ant yo menm ak lòt moun.

- Gade enstriksyon sou fason pou jwi rapò seksyèl an plis sekirite.
- Si w bezwen replen preskripsyon PrEP w la oswa ou gen kesyon sou PrEP, rete lakay ou epi rele oswa voye imel bay pwofesyonèl swen sante w la.
- Si w ap pran Truvada kòm PrEP chak jou epi ou se yon gason siseksyèl ki konn al nan rapò seksyèl ak gason, ou ka konsève medikaman PrEP w la lè w pran PrEP sou demann.

De (2) fason pou w pran PrEP


Gen **de (2) fason** pou w pran PrEP pou prevni VIH. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou PrEP, vizite nyc.gov/health epi chache **PrEP**.

1. **PrEP yo ka pran chak jou:** Pran yon konprime yon fwa pa jou — menm lè w pa al nan okenn fòm rapò seksyèl (oral, anal, vajinal, elatriye) oswa enjekte dwòg. Yo apwouve Truvada ak Descovy pou PrEP yo ka pran chak jou.
2. **PrEP sou demann:** Si w se yon gason siseksyèl ki konn al nan rapò seksyèl ak gason, lè w pran PrEP avan ak apre rapò seksyèl nan twou dèyè, sa ka prevni VIH. Se sèlman Truvada yo dwe itilize pou PrEP sou demann.
 - **SONJE: Yo pa apwouve PrEP sou demann pou tout moun.** Li pwoteje toude patnè yo pandan rapò seksyèl nan twou dèyè men li ka pa prevni VIH lè se rapò seksyèl reseptif nan vajen. Yo montre PrEP sou demann efikas sèlman pou gason omoseksyèl oswa gason siseksyèl biseksyèl yo.

Orè 2-1-1 pou lè w ap pran PrEP sou demann

Si w te al nan rapò seksyèl **yon** fwa, pran:

- 2 konprime omwen 2 a 24 èdtan avan rapò seksyèl
- 1 konprime 24 èdtan apre premye dòz la
- 1 konprime 48 èdtan apre premye dòz la



Si w kontinye al nan rapò seksyèl nan lesplas 24 èdtan apre w fin pran premye dòz doub ou a, kontinye pran yon sèl konprime PrEP chak 24 èdtan jiskaske w vin gen de (2) dòz apre dènye fwa ou te al nan rapò seksyèl.

Kimoun ki ka itilize PrEP sou demann

Li ka byen apwopriye pou gason siseksyèl ki konn al nan rapò seksyèl ak gason epi ki pa konn al nan rapò seksyèl regilyèman yo pran PrEP sou demann.

Si w pran tout dòz yo, PrEP sou demann trè efikas nan prevansyon kont VIH pandan rapò seksyèl nan twou dèyè.

- Yo te fè etid sou li sèlman lè gason omoseksyèl ak gason siseksyèl biseskyèl yo itilize l.
- Yo pa te fè etid sou li pou lè fanm transeksyèl oswa lòt moun ki konn al nan rapò seksyèl nan twou dèyè yo itilize l.

Moun ki konn al nan rapò seksyèl nan vajen oswa nan devan yo **pa dwe** itilize PrEP sou demann.

- Li pran plis tan pou medikaman ki nan PrEP yo antre nan tisi vajen yo.
- PrEP yo ka pran chak jou a se yon opsyon yo byen etidye pou moun ki konn al nan rapò seksyèl reseptif nan vajen.

PrEP yo ka pran chak jou konpare ak PrEP sou demann

	PrEP yo ka pran chak jou	PrEP sou demann
Kimoun ki ka itilize l	Nenpòt moun	Li pa bon pou rapò seksyèl reseptif nan vajen
Kisa pou w itilize	Truvada oswa Descovy	Sèlman Truvada
Kilè pou w pran l	Chak jou	Avan ak apre w al nan rapò seksyèl
Planifikasyon	Okenn — jis pran l chak jou	Ou dwe pran premye dòz la avan w al nan rapò seksyèl

Si w pa pran l avan w al nan rapò seksyèl	Pou gason siseksyèl ki konn al nan rapò seksyèl ak gason yo li toujou efikas menm si yo rate yon dòz de tanzantan; lòt moun yo pa dwe rate okenn dòz.	Itilize kapòt, oswa pwofilaksis apre ekspozisyon (post-exposure prophylaxis, PEP) lè gen yon ijans.
Si w rate yon dòz apre rapò seksyèl	Pou gason siseksyèl ki konn al nan rapò seksyèl ak gason yo li toujou efikas menm si yo rate yon dòz de tanzantan; lòt moun yo pa dwe rate okenn dòz.	Pa ka rate yon dòz
Efè segondè yo	Pa gen diferans	Pa gen diferans

Plis enfòmasyon:

- [PrEP On Demand: Guidance for Medical Providers \(PrEP sou Demann: Enstriksyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo\)](#)
- [PrEP to prevent HIV \(PrEP pou prevni VIH\)](#)
- [Emergency PEP to prevent HIV \(PEP Ijans pou prevni VIH\)](#)
- [Where to get PrEP and PEP in New York City \(Ki kote w ap jwenn PrEP ak PEP nan Vil New York\)](#)

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

6.17.20